



Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN MITAN KRIZ DÒZ EKSESIF K AP KONTINYE A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO KANPAY MEDYATIK AK SERI EMISYON NAN TOUT ETA A POU EDIKE PIBLIK LA AK METE AKSAN SOU SÈVIS KI DISPONIB YO NAN ETA NEW YORK

Kanpay la konsantre sou danje fentanil, edikasyon pou rediksyon domaj, ak fason pou chèche èd pou adiksyon

OASAS lanse patenarya ak NEXT Distro pou bay tout Nouyòkè yo naloksòn gratis

Seri emisyon chak semèn yo pral bay enfòmasyon enpòtan ak prezante pwofesyonèl sèvis kont adiksyon yo ak sila yoki afekte dirèkteman pa adiksyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon nouvo kanpay medyatik nan tout eta a pou ogmante konsyantizasyon sou adiksyon, ak sèvis ki disponib nan Eta New York pou sila yo ki afekte pa adiksyon ak fanmi yo. Kanpay la fèt pou edike piblik la sou risk potansyèl ki genyen nan fentanil, ansanm ak enpòtans sèvis rediksyon domaj, ak ki jan ak ki kote pou jwenn èd pou adiksyon nan Eta New York. Nan kad kanpay sa a, Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) ap lanse tou yon patenarya ak NEXT Distro pou ogmante aksè ak medikaman pou ranvèse dòz ekseksif la, ki se naloksòn. Patenarya sa a finanse atravè Fon Règleman Opioid Eta New York la, epi li pral pèmèt moun yo resewa naloksòn pa lapòs, gratis. Pou konpliman efò sa yo, OASAS ap lanse tou yon nouvo seri emisyon edikatif, ki rele "Adiksyon: Pwochèn Etap la." (Addiction: The Next Step.) Emisyon an pral edike piblik la sou tout aspè adiksyon an ak travay OASAS epi mete aksan sou istwa moun yo ki nan rekiperasyon an.

"Nouyòkè yo kontinye santi enpak fentanil ak kriz opyoyid ak dòz ekseksif kontinyèl la nan chak kominote atravè eta a, epi n ap travay 24 sou 24 pou abòde ijans sante piblik sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou bezwen pran tout mezi posib pou sove lavi, ki kòmanse ak edike Nouyòkè yo sou danje sibstans sa yo ak resous ki disponib pou ede tout moun ki te afekte yo."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare, "Nou ap fè eksperyans ak pi move kriz dòz ekseksif nan listwa. Li pi enpòtan pase anvan pou nou enfòme piblik la sou risk kontinyèl yo, ansanm ak sèvis ak sipò ki disponib isit la

nan New York. Kanpay ak seri emisyon sa a se yon lòt fason pou nou fè mesaj la pase ke gen ke èd ki disponib, nan chak etap nan chemen an, kèlkeswa sipò moun bezwen oswa kote y ap viv. Anplis de sa, lè nou bay nalokzòn gratis, n ap bay moun yon zouti enpòtan pou ede sispann dòz eksef epi sove lavi nan kominote pa yo."

Fentanil se yon sibstans ki kapab trè danjere, ki ka 100 fwa pi pisan pase ewoyin. Pandan ke fentanil gen kèk itilizasyon medikal legal, itilizasyon fentanil ilegal ak analòg sentetik kontinye ap ogmante epi yo ka gen konsekans devastatè. Fentanil espesyalman danjere paske li souvan melanje ak lòt dwòg tankou ewoyin oswa kokayin san moun ki sèvi ak sibstans sa yo pa konnen, ki ogmante anpil risk pou yon dòz eksef potansyèl. Kounye a, Fentanil prezan nan apeprè 75% lanmò sou dòz eksef nan Eta New York.

OASAS deja ap travay pou ogmante sansibilizasyon sou danje potansyèl itilizasyon fentanil atravè anpil efò, tankou edike moun sou fason pou rekonèt si yon dòz eksef fentanil oswa opyoyid, kijan pou reponn ak yon dòz eksef epi administre nalokzòn, ak konsèy sou fason pou evite yon dòz eksef. Pwogram prevansyon kontinyèl ak efò edikasyon nou yo atravè eta a, enkli nan lekòl yo, konsantre tou sou enfòmasyon Nouyòkè yo sou fentanil ak lòt sibstans ilegal.

Nan kòmansman ane sa a, OASAS te fè patenarya ak NY MATTERS pou lanse yon nouvo sistèm kòmand pou alafwa founisè yo ak moun yo pou yo ka jwenn band tè fentanil. Depi lansman an fevriye, yo te kòmande plis pase 1.1 milyon band fentanil. Band tè zilazin gratis ak nalokzòn disponib tou atravè menm sistèm kòmand lan, epi yo te kòmande plis pase 230,000 band tè zilazin depi premye fwa li te disponib nan mwa me a.

Kanpay pou rediksyon domaj

Kanpay pou Rediksyon Domaj la bati sou efò kontinyèl sa yo, ak yon kanpay PSA pou edike Nouyòkè yo sou danje potansyèl ki genyen nan fentanil. Kanpay miltimedya sa a prezante anons PSA sou televizyon, radyo, tablo afichaj ak lòt kote piblik yo, ak anons dijital ki enkli sou medya sosyal yo.

Anplis mete aksan sou danje potansyèl fentanil yo, ak fason Eta New York ap travay pou adrese kriz sa a, kanpay la pral fè sansibilize tou sou sèvis rediksyon domaj yo. Rediksyon domaj se yon pati enpòtan nan kontinite swen pou adiksyon ki disponib nan tout eta a, epi li gen ladan bagay tankou distribisyon nalokzòn ak band tè, efò pou ogmante medikaman pou tretman adiksyon, travay pou diminye stigma, ak edikasyon sou prevansyon dòz eksef.

Kanpay la tou abòde kantite dòz eksef k ap grandi ki gen rapò ak opyoyid atravè Eta New York atravè yon nouvo patenarya pou bay nalokzòn. OASAS ap fè patenarya ak NEXT Distro pou bay nalokzòn gratis bay moun yo atravè eta a. Anvan sa, se sèlman founisè OASAS ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) yo ki te kapab kòmande nalokzòn dirèkteman. Atravè yon [nouvo pòtay kòmand](#), moun kapab kounye a kòmande pou nalokzòn pou yo voye pa lapòs dirèkteman ba yo. Anplis nalokzòn, yo

pral bay materyèl edikatif sou fason pou itilize nalokson, kote pou jwenn tretman pou maladi itilizasyon opyoyid, ak lòt resous tou.

Pou moun k ap chèche aprann kijan pou yo itilize nalokson, OASAS ofri [fòmasyon vityèl sou nalokson](#), ki ouvri pou piblik la, epi edike moun sou fason pou rekonèt yon dòz eksef, pou reponn lè yo administre nalokson, ak sa pou yo fè apre yo fin bay nalokson.

Kanpay sa a ap sipòte ak finansman federal atravè sibvansyon Eta pou Repons fas ak Opyoyid ak Prevansyon ak Tretman Toksikomani, ansanm ak finansman ki soti nan Fon Règleman Opyoyid Eta New York la.

Emisyon Adiksyon: Pwochèt Etap la

OASAS ap lanse yon podcast tou pou edike piblik la sou adiksyon, sèvis ak sipò ki disponib pou Nouyòkè yo, ak fason pou jwenn èd. "Adiksyon: Pwochèt Etap la" anime pa ansyen jounalis emisyon epi li pral enkli founisè yo ak lòt anplwaye OASAS kòm envite, k ap pataje ekspètiz yo sou divès aspè adiksyon ak sistèm swen nan Eta New York.

Premye epizòd la prezante Komisè Chinazo Cunningham, k ap ofri yon entwodiksyon sou OASAS, misyon li, ak sistèm sèvis adiksyon an nan Eta New York. Epizòd k ap vini yo pral konsantre sou sèvis prevansyon, rediksyon domaj, tretman, ak rekiperasyon OASAS, ak fason sèvis espesyalize sa yo entegral pou ede Nouyòkè yo jwenn èd endividyèl yo bezwen an. Plizyè epizòd pral gen ladan tou konvèsasyon ak Nouyòkè nan rekiperasyon, ansanm ak lòt moun ki gen eksperyans pèsònèl nan ede moun ki afekte nan adiksyon yo.

Episod yo pral pibliye chak semèn epi yo disponib atravè aplikasyon odyo ak emisyon, epi yo pral afiche tou sou [sitwèb OASAS](#) la ak paj [Twitter](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) ajans lan.

Eta New York ap resevwa plis pase 2 milya dola atravè divès kalite akò règleman avèk fabrikasyon opyoyid yo ak konpayi famasetik yo ke Pwokirè Jeneral Letitia James te garanti. Yon pati finansman ki soti nan règleman sa yo prale dirèkteman nan minisipalite yo, epi y ap depoze rès la nan yon fon ki dedye pou sipòte prevansyon, tretman, rediksyon domaj, ak efò rekiperasyon pou adrese epidemi opyoyid aktyèl la.

Menm lejislasyon an ki te etabli fon dedye a te kreye tou Komite Konsiltatif Fon Règleman Opyoyid la, ki gen responsablite pou l fè rekòmandasyon sou fason yo ta dwe asiyen lajan règleman an pou pi byen sèvi moun ki nan bezwen yo. Manm konsèy yo te bay premye rekòmandasyon yo nan 1 novanm 2022, yo te idantifye ekspansyon sèvis rediksyon ak tretman domaj kòm pi gwo priyorite yo.

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòz eksef la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou

agrandi aksè nan sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodò Disponibilite Tretman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si ou menm, oswa yon pwòch ou, te eksperimente obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418